# PIWUCAL SALEBETIPUN TEKS NASKAH WAYANG "PALGUNA PALGUNADI" SAHA JUMBUHIPUN KALIYAN PASINAON BASA JAWI WONTEN SMP NEGERI 1 BAYAT KABUPATEN KLATEN

**TESIS**

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister**

**Program Studi Pendidikan Bahasa**

**NAMI : TEGUH TRIONO**

**NIM : 2081100015**

**PROGRAM PASCASARJANA**

**UNIVERSITAS WIDYADHARMA KLATEN**

**2022**

# PASARUJUKAN

# PIWUCAL SALEBETIPUN TEKS NASKAH WAYANG "PALGUNA PALGUNADI" SAHA JUMBUHIPUN KALIYAN PASINAON BASA JAWI WONTEN SMP NEGERI 1 BAYAT KABUPATEN KLATEN

**Dening :**

**Teguh Triono**
**NIM. 2081100015**

**Sampun Pikantuk Pasarujukan Dening Pamong**

| **Pamong 1** | **Tapak Asma** | **Tanggal** |
|---|---|---|
| **Dr. Basuki, M.M**<br>**NIP. 19540312 198003 1 003** | ........................ | 3/8 2022<br>................ |
| **Pamong 2** | | |
| **Dr. D.B Putut Setiyadi, M.Hum**<br>**NIP. 19600412 198901 1 001** | ........................ | 3/8 2022<br>................ |

**Mangertosi**
**Ketua Program Studi**

**Dr. D.B Putut Setiyadi, M.Hum**
**NIP. 19600412 198901 1 001**

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN PROGRAM PASCASARJANA

# PANGESAHAN

# PIWUCAL SALEBETIPUN TEKS NASKAH WAYANG "PALGUNA PALGUNADI" SAHA JUMBUHIPUN KALIYAN PASINAON BASA JAWI WONTEN SMP NEGERI 1 BAYAT KABUPATEN KLATEN

Dipunanggit dening :
Teguh Triono
NIM. 2081100015

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim penguji

| Jabatan | Nami | Tapak Asta | Tanggal |
|---|---|---|---|
| Pangarsa | Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum | ............... | 29/8 2022 |
| Panitra | Dr. Hersulastuti, M.Hum | ............... | 29/8 2022 |
| Panguji I | Dr. Basuki, M.M | ............... | 29/8 2022 |
| Panguji II | Dr. D.B Putut Setiyadi, M.Hum | ............... | 29/8 2022 |

Kauningan

| Direktur Program Pascasarjana | Ketua Program Studi |
|---|---|
| Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum | Dr. D.B Putut Setiyadi, M.Hum |
| NIP. 19591004 198603 1 002 | NIP. 19600412 198901 1 001 |

# PRATELAN

Ingkang tapak asma ing ngandap menika, kula :

Nami : Teguh Triono

NIM : 2081100015

Jurusan / Program Studi : Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun "Piwulang Salebetipun Teks Cariyos wayang "Palguna Palgunadi" Saha Jumbuhipun Kaliyan Pasinaon Wonten SMP Negeri 1 Bayat menika sertan kula piyambak.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratelan kula mboten leres. Kula sagah nampi sanksi akademik inggih menika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, Agustus 2022

Ingkang damel pratelan

Teguh Triono

# MOTTO

Ing Ngarsa Sung Tuladha, Ing Madya Mangun Karsa, Tut Wuri Handayani

(Ki Hajar Dewantoro)

Sak sae-saenipun tiyan menika, ingkang saged migunani kaliyan, diri pribadi, tiyang sanes, nusa bangsa lan nagari.

(Ki Hajar Dewantoro)

Ateteken tekun, temen bakal katekan sedyane, Jumbuh kang ginayuh, sembada kang jinangka, rahayu kang tinuju.

(Ki Seno Nugroho)

## PISUNGSUNG

Karya menika kula pisungsungaken dumateng :

1. Tiyang sepuh kula ingkang tansah paring donga pangestu.
2. Semah saha anak kula ingkang tansah nyurung donga lan semangat.
3. Bapak / Ibu guru SMP Negeri 1 Bayat.

# ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Alloh SWT ingkang Mahamirah saha Mahaasih, awit saking lubering sih kanugrahan satemah kula saged nyekapapekn tesis kanthi irah-irahan “Piwulang Salebetipun Teks Cariyos Wayang *Palguna Palgunadi* Saha Jumbuhipun Kaliyan Pasinaon Basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat”.

Tesis menika kaanggit minangka kagem hanjangkepi saperangan syarat anggayuh drajat Magister Pendidikan, Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana ing Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingipun pambiyantu kangge nyekapi tesis menika, pramila panganggit ngaturaken agenging panuwun ingkang tanpa pepindan dhumateng :

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapa Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum, Direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Bapak Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pamong II ingkang sampun paring panjurung, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.

4. Bapak Dr. H. Basuki, M.M, kaleres Pamong I ingkang sampun paring panjurung, pamgarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.
5. Ibu Dr. Hersulastuti, M.hum, Sekertaris Program studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pangarsa Tim Penguji Tesis ingang sampun paring saha pangarah tesis menika.
6. Ibu Dr. Endang Eko Jati S., M. Hum, Panitra Tim Penguji Tesis ingkang sampun paring panjurung saha pangarah tesis menika.
7. Keluarga Ageng Warga Laras, Ki Seno Nugroho, ingkang sampun paring palilah ngampil naskah lakon wayang “Palguna-Palgunadi”.

Panganggit sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ananging panganggit ngrumaosi bilih tesis menika taksih kathah kekiranganipun, Pramila, panyaruwe saking para kadang pamaos tansah kula antu-antu, matur nuwun.

Klaten,
Panganggit

Teguh Triono

# DHAFTAR ISI

**PASARUJUKAN**........................................................................

**PANGESAHAN**..........................................................................

**PRATELAN**................................................................................

**MOTTO**......................................................................................

**PISUNGSUNG**...........................................................................

**ATUR PANGLANTAR**.................................................................

**DHAFTAR ISI**.............................................................................

**DHAFTAR TABEL**......................................................................

**DHAFTAR GAMBAR**..................................................................

**DHAFTAR LAMPIRAN**..............................................................

**SARIPATI**..................................................................................

**BAB I PURWAKA**.......................................................................

A. Lelarahing Prekawis..............................................................
B. Idhentitasing Prakawis..........................................................
C. Rumusaning Prakawis............................................................
D. Ancasing Panaliten.................................................................
E. Mumpangating Panaliten........................................................

**BAB II LAMBARANING TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT SAHA RAGANGANING PAMIKIR**.......................................

A. LAMBARANING TEORI.................................................................
   1. Pangertosan Teks................................................................

2. Tema Teks.........................................................................
3. Jenis Teks...........................................................................
4. Struktur Teks....................................................................
5. Wayang..........................................................................
6. Teks Cariyos Wayang “Palguna Palgunadi.........................
7. Piwulang.........................................................................
8. Pasinaon Basa Jawi Wonten SMP Negeri 1 Bayat................
B. PANALITEN INGKAG GAYUT............................................
C. RAGANGANING PAMIKIR.................................................
**BAB III METODOLOGI PANALITEN...........................................**
A. Wekdalipun Panaliten..................................................
B. Wujud Lan Strategining.........................
C. Dhata Lan Sumber Dhata............................................
D. Tata Cara Nglempakaken Dhata............................
E. Validitas Dhata.............................................................
F. Teknik Analisis Dhata.................................................
**BAB IV ASILIPUN PANALITEN SAHA PANGONCEKANIPUN**.........
**A. Asiling Panaliten**...................................................................
1. Tema Teks.......................................................................
2. Jenis Teks........................................................................
3. Struktur Teks..................................................................
4. Piwulang Salebetipun Teks Cariyos
Wayang “Palguna Palgunadi”..........................................

5. Jumbuhipun Kaliyan Pasinaon Basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat’.......................................................................................

**B. Pangoncekanipun**..........................................................................

**BAB V PANUTUP**...................................................................................

A. Dudutan..........................................................................................

B. Pangetrapan......................................................................................

C. Saran................................................................................................

**KAPUSTAKAN**.........................................................................................

**LAMPIRAN**.............................................................................................

# SARIPATI


Teguh Triono, NIM 2081100015. Piwulang Salebetipun Teks Cariyos Wayag “Palguna Palgunadi” Saha Jumbuhipun Kaliyan Pasinaon Basa Jawi Wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, 2021.

Rumusanipun prakawis panaliten menika: (1) Tema teks menapa ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?(2) )Jenis teks saha struktur teks menapa ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?,(3)Menapa kemawon piwulang-piwulang ingkang wonten salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” ? (4) Kados pundi jumbuhipun piwulang ingkang kinandhut salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” wonten pasinaon basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten ?

Lambaranipun teori inggih menika: piwulang utawi nilai-nilai pendidikan, teks/ wacana, saha wayang saha pasinaon basa Jawi ing SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.

Wujud panaliten inggih meneika panaliten kwalitatif. Obyek panaliten Teks naskah cariyos wayang “Palguna Palgunadi anggitanipun Ki Seno Nugroho tahun 2018. Teknik nglempakakaken dhata kanthi. Maos, njingglengi, nyatet. Teknik pangoncekanipun dhata ngaggem analisis kwalitatif.

Dudutan panaliten menika: (1) 1. Tema teks ingkang wonten teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi inggih menika kalebet tema teks organik, bilih tema organik menika tema ingkang gayut kaliyan babagan moral dasar manungsa ing panggesangan,inggih menika bab karakter utawi sifat tekun, gumregut anggenipun ngudi kawruh pados ngilmu. (2) Teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi kalebet jenis tek naratif ingkang struktur teksipun: bagian awal, tubuh teks / isi teks cariyos saha panutup (3) Piwulang ingkang wonten salebetipun teks cariyos “Palguna Palgunadi” inggih menika wonten piwulang moral kadosta :jujur, disiplin, tanggel jawab, peduli, wonten piwulang relegius kadosta: enget kaliyan ingkang nitahaken, dedonga, ugi ikhlas, wonten piwulang sosial inggih menika : karukunan, tetulung dateng tiyang sanes, pangorbanan. (4) Sampun jumbuh antawisipun piwulang-piwulang salebetipun cariyos wayang “Palguna Palgunadi” kaliyan pasinaon Basa Jawi ing SMP Negeri 1 Bayat, utaminipun ing bab piwulang sosial, piwulag moral ugi piwulang religius (spiritual).. Piwulang-piwulang menika ugi wonten salebetipun Kompetensi Inti ingkang wonten salebetipun pasinaon Basa Jawi ing SMP Negeri 1 Bayat, Klaten



Wosing tembung ; Piwulang, teks, wayang.

# ABSTRAK

Teguh Triono, NIM 2081100015. Nilai-nilai Pendidikan Dalam Teks Cerita Wayang “Palguna Palgunadi” dan Relevansinya Terhadap Pemebelajaran Bahasa Jawa Di SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten..Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, 2021.

Permasalahan yang dikaji adalah: (1) Tema teks apa yang terdapat dalam teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?(2) )Jenis teks dan struktur teks apa yang ada didalam teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?,(3)Apa saja nilai-nilai pendidikan yang terdapat dalam teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” ? (4) Bagaimanankah relevansi nilai-nilai pendidikan yang ada dalam teks cerita wayang “Palguna Palgunadi” dengan pembelajaran bahasa Jawa di SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten ?

Landasan teori yang digunakan dalam penelitian ini adalah: piwulang utawi nilai-nilai pendidikan, teks/ wacana, wayang dan pembelajaran bahasa Jawa di SMP Mnegeri 1 Bayat kabupaten Klaten.

Jenis penelitian adalah penelitian kwalitatif. Obyek penelitian adalah Teks naskah cerita wayang “Palguna Palgunadi” karya Ki Seno Nugroho tahun 2018. Teknik pengumpulan data adalah dengan membaca, menyimak, memahami, mencatat dan memberi tanda pada obyek penelitian.

Hasil penelitian menyimpulkan: (1) Tema teks yang terdapat dalam teks cerita wayanag “Palgna Palgunadi adalah termasuk tema teks organik, bahwa tema organik adalh tema tentang moral dasar mausia didalam kehidupan, yaitu tekun, ulet, bersemangat dalam mencari ilmu. (2) (2) Teks cerita wayang “Palguna Palgunadi” termasukt jenis teks naratif yang struktur teksnys terdiri dari : bagian awal, bagian tubuh teks / isi teks cerita dan penutup (3) Piwulang atau nilai pendidikan yang terdapat dalam teks cerita “Palguna Palgunadi” adalah pendidikan moral seperti :jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli, Pendidikan relegius seperti: Selalu ingat pada Tuhan Yang Maha Esa, berdoa, dan ikhlas, Pendidikan sosial seperti : kerukunan, suka menolong, pengorbanan. (4) Sudah relevan antara nilai-nilai pendidikan yang terdapat dalam teks cerita “Palguna Palgunadi” dengan pembelajaran bahasa Jawa di SMP Negeri 1 Bayat, dengan materi wayang yang didalamnya terdapat nilai-nilai pendidikan seperti pada kompetensi inti pemebelajaran Bahasa Jawa di SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.

Kata Kunci ; Piwulang / nilai pendidikan, teks, wayang dan Pembelajaran Bahasa Jawa di SMP N 1 Bayat Klaten

**ABSTRACT**

Teguh Triono, NIM 2081100015. Educational Values in the Text of the Wayang Story "Palguna Palgunadi" and Its Relevance to Javanese Language Learning at SMP Negeri 1 Bayat, Klaten Regency..Thesis: Postgraduate Program at Widya Dharma University Klaten, 2021.

The problems studied are: (1) What are the text themes contained in the text of the puppet play "Palguna Palgunadi"? (2) What types of texts and text structures are in the text of the puppet play "Palguna Palgunadi"?, (3) What are the values -Educational values contained in the text cariyos wayang "Palguna Palgunadi" ? (4) How is the relevance of the educational values in the text of the puppet story "Palguna Palgunadi" with learning Javanese at SMP Negeri 1 Bayat, Klaten Regency?

The theoretical foundations used in this study are: piwulang utawi educational values, texts/discourses, wayang and Javanese language learning at SMP Negeri 1 Bayat, Klaten district.

This type of research is qualitative research. The object of research is the text of the puppet story "Palguna Palgunadi" by Ki Seno Nugroho in 2018. The data collection technique is by reading, listening, understanding, taking notes and marking the object of research.

The results of the study concluded: (1) The theme of the text contained in the text of the wayanag story "Palgna Palgunadi is including the theme of organic text, that the organic theme is a theme about the basic morals of humans in life, namely diligent, tenacious, passionate in seeking knowledge. (2) (2) The text of the wayang story "Palguna Palgunadi" is a type of narrative text whose text structure consists of: the beginning, the body of the text / content of the story text and closing (3) Piwulang or educational values contained in the story text "Palguna Palgunadi ” is moral education such as: honest, disciplined, responsible, caring, religious education such as: always remembering God Almighty, praying, and sincere, social education such as: harmony, helping, sacrifice. (4) It is relevant between the educational values contained in the text of the story "Palguna Palgunadi" with Javanese language learning at SMP Negeri 1 Bayat, with wayang material in which there are educational values such as the core competencies of learning Javanese at SMP Negeri 1 Bayat Klaten Regency.

Keywords: Piwulang / educational value, text, wayang and Javanese language learning at SMP N 1 Bayat Klaten.

# BAB I

# PURWAKA

## A. Lelarahaning Prakawis

Kawontenan ing wanci menika, negari-negari sadonya, ugi kalebet negari Indonesia, nembe nandhang pageblug, wontenipun lelara ingkang mboten kasat ing mripat, kalajenganipun satemah dados lelara ingkang sanget bebayani tumrap kesarasanipun ing bebrayan ageng, kathah para warga masyarakat ingkang tumekaning pralaya, inggih menika wontenipun Virus Corona-19.

> *Wabah Covid-19 (Corona Virus Disease 2019) memiliki dampak yang sangat signifikan terhadap kehidupan manusia secara global (Patricia Aguilera-Hermida, 2020; Sy, et al., 2020). Penyebarannya yang massif dan cepat memaksa manusia beserta setiap system kehidupan di dalamnya harus berjuang dan bertahan dari dampak yang diakibatkan oleh virus yang diduga berasal dari Wuhan, Tiongkok ini (Morgan, 2020; Adedoyin & Soykan, 2020).*

Karana Virus Corona-19 nggadahi daya pangaribawa tumrap panggesangan ing bebrayan ageng, bidang pariwisata ingkang mboten kepareng dipunbikak, bidang seni budaya ingkang mboten dipunkeparengaken pentas, ingkang sanget mrihatosaken wonten ing bidang Pendidikan.

> *Menurut kompas, 28/03/2020 dampak virus COVID-19 terjadi diberbagai bidang seperti sosial, ekonomi, pariwisata dan pendidikan.*

Daya pangaribawa saking Virus Corona-19 tumrap pendidikan kathah sanget, malih-malih kanthi wontenipun PPKM ing laladan Kabupten Klaten, lumadinipun pamulangan kedah ngginakaken daring (*dalam jaringan*). Inggih menika piwulangan saking griya piyambak-piyambak.

*Pada tanggal 24 maret 2020 Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia mengeluarkan Surat Edaran Nomor 4 Tahun 2020 Tentang Pelaksanaan Kebijakan Pendidikan Dalam Masa Darurat Penyebaran COVID, dalam Surat Edaran tersebut dijelaskan bahwa proses belajar dilaksanakan di rumah melalui pembelajaran daring/jarak jauh dilaksanakan untuk memberikan pengalaman belajar yang bermakna bagi siswa. Belajar di rumah dapat difokuskan pada pendidikan kecakapan hidup antara lain mengenai pandemi Covid-19.( Wahyu aji, 2020 ).*

Salebetipun pasinaon kanthi daring temtunipun kathah prekawis-prekawis ingkang tuwuh salebetipun pasinaon. Prekawis-prekawis ingkang tuwuh inggih menika, saking dwija, saking para siswa, sarana pasinaon ingkang dipunginakaken lan prekawis sanesipun. Karana pasinaon kanthi daring, mboten saged pinanggih tatap pasuryan, sagedipun namung kanthi tatap maya, kanthi sarana kominukasi *handphone*, utawi *laptop*, para dwija mboten saged pinanggih kanthi langsung, dadosaken kathah para siswa ingkang nilar datheng unggah-ungguh, tatakrama, etika nalika micanten kaliyan para dwija salebetipun pasinanon kanthi daring. Raos kurmat dhumateng para dwija sampun mboten dipungatosaken. Kanthi kawontenan ingkang kados makaten nilai-nilai pendidikan sampun tinilar dening para siswa. Ing kalenggahan menika panaliti kepengin sanget paring pemut datheng para siswa, babagan tindak tanduk solah bawa, tata krama, sopan santun kanthi sarana salah satunggalipun perangan budaya inggih menika wayang.

Wayang inggih menika salah satunggalipun sastra tradisional ingkang kalebet woten karya adi luhung/ master piece. Ingkang sampun dipunakeni dados karya Agung budaya dunia UNESCO nalika tanggal 7 Nopember 2003,

*Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity. ( Winoto, 2006 ) Wayang menceritakan suatu upaya tokoh atau nkarakter caik dalam menumpas totkoh atau karakter jahat ( Nurgiyantoro, 2011).*

Lakon wonten salebetipun cariyos wayang ngandhut kathah piwulang-piwulang ugi nggadahi paraga-paraga ingkang nggadahi sifat ugi karakter piyambak-piyambak. Kita minangka penikmnat sastra Jawi kedhah wasis milah, pundi ingkang saged dipunginakaken minangka patuladhan ugi pundi ingkang pantes kita bucal minangka tumindak ingkang boten sae.

*Dalam karya sastra dan karya seni tidak ada kesimpulan yang bersifat negative, karya seni dibuat tidak untuk mengajarkan kejahatan, semua bentuk ketidakbaikan sebetulnya hanya permainan kata dan ditampilkan untuk membuat kebaikan itu Nampak semakin jelas ( Ratna, 2014 ).*

Wonten budaya Jawi, wayang dados sawijining bab ingkang penting sanget. Wayang hanggadhahi piguna kagem gegambarananipun panggesanganipun bebrayan mliginipun dhateng masyarakat Jawa.

*Wayang adalah salah satu pertunjukan yang masih populer hingga saat ini. Salah satu alasannya adalah karena wayang merupakan wewayanganing ngaurip yang di dalamnya sangat kaya akan berbagai macam cerita tentang kehidupan manusia (Siswanto, 2003: 78).*

Wonten salebetipun pamentasan wayang, kathah paraga-paraga wayang ingkang dipunkeliraken, saben paraga wayang ingkang dipunkeliraken menika hanggadahi sifat ugi karakter piyambak-piyambak minangka kaca benggala saking solah bawa, tindak tanduk ugi nalika micara kaliyan paraga sanesipun.

*Setiap tokoth wayang mempunyai karakter yang tercermin dari sikapdan tindakanya ( Dewi, 2018 ).*

Cariyos ing wayang ngandhut piwulang-piwulang luhur. Wayang saged kagem sarana  nanemaken nilai-nilai pendidikan dumatheng para siswa, supados para siswa saget tumidak ugi micara boten nilar saking angger-angger.

Wayang menika salah satunggilipun budaya bangsa Indonesia ingkang sampun dipunmangertosi wiwit abad X ,ugi tansah ngrembaka ngantos wekdal menika.

> *Wayang dalam perkembangannya berabad-abad itu ternyata telah mampu bertahan dengan berbagai ujian dan tantangan, sehingga wayang menjadi sebuah budaya yang bermutu sangat tinggi ( Darmoko et, al.. 2010 ).*

Wonten ing wayang kathah sanget seni-seni sanes ingkang lumebet, kados, seni peran, seni swanten, seni lukis, seni pahat, lansanesipun lan ugi wonten pementasan wayang menika minangka kagem sarana dakwah, penerangan, andharan filsafat ugi hiburan. Cariyos-cariyos wayang ingkang sampun *populer* wonten masyarakat Jawa nuwun inggih Cariyos Ramayana, Mahabaratha, cariyos babagan dewa-dewa ugi cariyos Arjuna sasrabahu.

Salah satunggilipun  cariyos “Palguna Palgunadi”, Cariyos menika saged awujud teks ugi awujud audio visual ( youtube ). Ugi cariyos menika benten dalang ingkang nglampahaken benten sanggitipun. Namung ingkang dados punjeripun cariyos sami. Salah satunggilipun, Teks naskah wayang kulit  cariyos “Palguna Palgunadi” anggitanipun Ki Seno Nugroho.  Lakon wayang “Palguna Palgunadi” nyariosaken Raden Palgunadi nggih Bambang Ekalaya hanggadhai tekad kepengin sanget suwita ngangsu kawruh dhateng salah satunggilipun Dwija ingkang sampun dados antepipun manah, nggih

menika Begawan Durna Saking pertapan Sokalima wewengkon negari Ngastina.

Saking cariyos “Palguna Palgunadi” khatah piwulang-piwulang ingkang nedahaken sikap-sikap ingkang mijil saking tokoh-tokoh wonten caritos “Palguna-pagunadi”. Piwulang-piwulang kala wau saged dados patuladhan dhateng para siswa, salebetipun ngudi kawruh wonten ing bangkunipun pawiyatan. Ananging, wonten salebetipun pawiyatan pasinaon basa Jawi SMP, mliginipun SMP Negeri 1 Bayat Lakon “Palguna Palgunadi” dereng dipunagem minangka bahan pasinaon kaliyan para siswa. Lakon ingkang diagem lakon cariyos Ramayana. Mesthipun jroning cariyos “Palguna Palgunadi”, ngandut piwulang-piwulang ingkang sae ugi piwulang-piwulang ingkang awon. Samangkih para siswa saged mangertosi ugi saged mbentenaken piwulang-piwulang kala wau. Wonten pasinaon-pasinaon basa Jawi, piwulang-piwulang Pendidikan lumebet wonten Kurikulum 13, Ngetrapaken piwulang sikap sosial wonten salebetipun pasinaon, antawisipun sikap tanggel jawab, disiplin, prigel, trampil lan sak panunggalanipun. Ingkang salajengipun panaliti badhe nindakaken panaliten babagan ***Piwulang salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon Basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.***

## B. Indentitasing Prakawis

Adhedasar andharan ing lelarahanipun prakawis ing ngginggil, panaliti saged mendhet indentisasipun prakawis saking piwulang salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon basa Jawi wonten SMP Kabupaten Klaten kados makaten :

1. Piwulang-piwulang ingkang wonten salebetipun teks cariyos lakon wayang “Palguna Palgunadi” dereng dipunkawruhi para siswa mliginipun para siswa SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.
2. Jumbuhipun Piwulang ingkang kinandhut wonten teks cariyos lakon wayang “Palguna Palgunadi” kaliyan pasinaon basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.
3. Tema, jenis saha struktur teks wonten salebetipun teks cariyos lakon wayang “Palguna Palgunadi”
4. Pasinaon Basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat, wonten salebetipun Kurikulum Basa jawi, dereng ngaturaken cariyos Mahabaratha, kang awujud teks cariyos “Palguna Palgunadi”.
5. Saperagan para siswa SMP Negeri 1 Bayat, nalika salebetipun pasinaon Basa Jawi, nilaraken dateng tindak tanduk solah bawa saking piwulang-piwulang moral, piwulang religi ugi piwulang sosial.

## C. Wewatesaning Prekawis

Sasampunipun njingglengi dhateng indentitasipun prakawis ing ngginggil gayutipun kaliyan piwulang salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon basa Jawi wonten SMP

Kabupaten Klaten, Panaliti matesi prakawis wonten ing piwulang salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon basa Jawi wonten SMP Kabupaten Klaten,

## D. Rumusaning Prakawis

Adhedasar andharan kasebat ing nginggil, rumusannipun prakawis inggih menika :

1. Tema teks menapa ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?
2. Jenis teks saha struktur teks menapa ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?
3. Menapa kemawon piwulang-piwulang ingkang wonten salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” ?
4. Kados pundi jumbuhipun piwulang ingkang kinandhut salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” wonten pasinaon basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten ?

## E. Ancasing Prakawis

Adhedasar lelarahining prakawis ugi rumusanipun prakawis, ingkang dados ancasipun prakawis panliten nggih menika :

1. Kagem mangertosi, Tema teks  ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?
2. Kagem mangertosi jenis saha struktur teks ingkang wonten salebetipun teks lakon wayang “Palguna Palgunadi”?
3. Kagem mangertosi, piwulang-piwulang ingkang dereng dipunkawruhi para siswa wonten salebetipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” mliginipun para siswa SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten
4. Kagem mangertosi, jumbuhipun piwulang ingkang kinandhut salebetipun teks wayang lakon “Palguna Palgunadi” kaliyan pasinaon basa Jawi wonten SMP Negeri 1 Bayat Kabupaten Klaten.

## F. Mupangating Panaliten

Asilipun panaliten menika dipunajab saged atur mupangat  sae mupangat teoritis menapa mupangat praktis kados makaten :

1. Mupangat teoritis

   Asil panaliten menika dipunajab saged atur mupangat teoritis lan ugi saged nambah referensi ugi wacana pasinaon basa jawi ugi sastra jawa, ugi saged atur pisungsung kagem ngrembakanipun kajian-kajian teks cariyos wonten lingkunagipun pawiyatan,utaminipun para dwija basa Jawa ingakng samangkih saged dipunandharaken kaliyan para putra siswa.

2. Mupangat Praktis

Asilipun panaliten menika saged dipuajab atur mupangat kanthi praktis sae kagem pamaos ugi para dwija utaminipun dwija basa Jawi, wontenipun mupangat kasebat inggih menka :

a. Kagem pamaos, asilipun panaliten saged dipundadosaken sarana nambahi wawasan ugi pengetahuan ingkang enggal babagan analisis teks cariyos.
b. Kagem para dwija basa Jawi umumipun dwija basa Jawi ing laladan Kabupaten Klaten, khususipun ugi dwija Basa Jawi wonten SMP N 1 Bayat Klaten, Asil panaliten menika saged dipundadosaken salah satunggilipun sumber utawi referensi kagem nambah pangertosan ugi wawasan gayutipun wonten pasinaon basa Jawi babagan nyariosaken salah satunggilipun cariyos wayang.

# BAB V

# DUDUTAN , PANGETRAPAN SAHA SARAN

## A. Dudutan

Saking andharan nginggil, panaliten piwulang salebetipun cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon Basa jawi ing SMP Negeri 1 Bayat, saking panaliti saged dipun pendhet dudutan kados ing ngandap menika :

1. Tema teks ingkang wonten teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi inggih menika kalebet tema teks organik, bilih tema organik menika tema ingkang gayut kaliyan babagan moral dasar manungsa ing panggesangan,inggih menika bab karakter utawi sifat tekun, gumregut anggenipun ngudi kawruh pados ngilmu.
2. Struktur teks ingkang wonten teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi ingih menika
   a. Bagian awal, inggih menika mapan wonten wiwitanipun cariyos, saged kawastanan adegan 1 utawi jejer 1, inggih menika Nagari Nisada / Paranggelung, Ing bagian awal menika, intinipun cariyos Bambang Ekalaya utawi Palgunadi dereng kersa nggantosaken kalenggahan dados Ratu ing Nisada / Paranggelung, namung taksih badhe ngudi kawruh indaking ilmu kaliyan Begawan Durna.
   b. Bagian isi / Tubuh teks, ing bagian menika, intinipun bilih Bambang Ekalaya utawi Palgunadi dipuntampik pasuwitanipun kaliyan Begawan Durna.

c. Bagian Pantup, ing bagian menika menika minangka ahkir cariyos, ingkang wonten cariyos “Palguna Palgnadi”, nyariosaken bilih Bambang Ekalaya, Ngurbanaken jempol astanipun minangka tanda kasetyanipun kaliyan Begawan Durna.

   Dene jenisipun teks ingkang wonten teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi inggih menika kalebet wonten teks naratif saha dramatik, ingkang awujud dongeng imajinasi saking panyerat ingkang dipunkeliraken lumantar wayang. Cariyos “Palguna Palgunadi menika nyariosaken lelampahanipun Bambang Ekalaya ingkang saking Nagari Nisada ingkang kapi-kapi kumacelu kepengin ngudi kawruh indakipun ilmu kaliyan Begawan Durna ingkang mapan wonten pertapan Sokalima

3. Piwulang-piwulang salebetipun cariyos wayang “Palguna Palgunadi” utaminipun ing bab piwulang sosial, piwulag moral ugi piwulang religius (spiritual).Wonten cariyos “Palguna Palgunadi” wonten piwulang moral nggih menika :jujur, disiplin, tanggel jawab, peduli, wonten piwulang relegius inggih menika : enget kaliyan ingkang nitahaken, dedonga, ugi ikhlas, wonten piwulang sosial inggih menika : karukunan, tetulung dateng tiyang sanes, pangorbanan.
4. Cariyos wayang “Palguna Palgunadi” saged dipunagem minangka materi ajar kagem para siswa, minangka pengayaan materi, sabab kathah piwuang-piwulang luhur ingkag saged dados patuladhan kaliyan para siswa nalika wonten ing pawiyatan ing babagan

pamulangan sikap, sae menika sikap spritual ugi sikap sosial ingkang wonten kompetemsi inti pasinaon Basa Jawi SMP Negeri 1 Bayat.Nedahaken bilih wonten jumbuhipun teks cariyos wayang “Palguna Palgunadi” kaliyan pasinaon Basa Jawi ing SMP Negeri 1 bayat Klaten.

**B. Implikasi / Pangetrapan**

Pangetrapanipun piwulang-piwulang ing nginggil kala wau dateng pasinaon Basa jawi ing SMP Negeri 1 Bayat inggih menika nyawiji salebetipun pasinaon. Upaminipun nalika badhe miwiti pasinaon para siswa kedah langkung rumiyin dedongaan miterat agami ingkang dipunrasuk, menika kalebet pandonga, salejengipun piwuang disiplin ugi tanggeljawab nalikanipun para siswa ngagem seragam ugi uborampenipun kedah jangkep saha para siswa tansah nggatosaken nalika ing pamulagan, tangelljawab kaliyan pakryan0pakaryan utawi tugas –tugas igakng dipunparingaken kaliyan bapak ibu dwija.

Ugi saged pangetrapanipun piwulang-piwulang menika nalikanipun para siswa sesrawungan wonten kaluarga ugi masyarakat, tansah nindakaken piwulang jujur, displin, peduli ugi tanggeljawab nalikanipun srawungan kaliyan rencangipun utawi sesrawungan wonten bebrayan ageng utawi masyarakat. Wosipun piwulang menika saged dipuntrapaken wonten ing pawiyatan minangka piwiyatan forma, wonten keluarga saha wonten ing masyarakat.

## C. Saran

Kula ngrumaosi bilih panaliten menika kanthi irah-irahan piwulang salebetipun teks cariyos wayang “palguna Palgunadi” saha jumbuhipun kaliyan pasinaon basa Jawi ing SMP Negeri 1 Bayat Klaten taksih tebih saking kasampurnan, pramila menika kala tansah nampi kritik ugi saran saking para pamaos, bapak ibu dosen, rencang sedaya amrih panaliten menika saged dipuntampi kaliya para sedaya.

**KAPUSTAKAN**


Budiasa, I Made, Memahami Nilai-Nilai Budaya Tradisi dalam Lakon Seni Pertunjukan Bali : Sebagai wahana Pendidikan Karakter Bangsa, Jurnal Aksara, Denpasar Bali

Darmoko, et al. 2010. Pedoman Pewayangan Berperspektif Perlindungan Saksi dan Korban. Jakarta Pusat : Lembaga Perlindungan Saksi dan Korban.

Dewi, W. A. F. 2020. Dampak Covid-19. Dampak Covid-19 Terhadap Implementasi Pembelajaran Daring Di Sekolah Dasar, Universitas Kristen Satya Wacana1, Edukatif : Jurnal Ilmu Pendidikan Vol 2 No 1 April 2020 P-ISSN 2656-8063 E-ISSN 2656-8071

Dewi, Trie U. 2018. Pembelajaran Filologi sebagai Salah Satu Upaya dalam Mengungkap dan Membangun Karakter Suatu Bangsa: Jurnal Pendidikan Sejarah dan Riset Sosial Humaniora (KANGANGA), Vol. 1, No. 1, Juni 2018. Hal. 48-61.

Edwin, Andre, 2021. The Adoption of Multiplayer Online Battle Arena to Introduce Wayang Character, *Journal of Game, Game Art and Gamification. Vol. 6, No. 2, 2021,* Universitas Surabaya,Surabaya, Indonesia

Verysaputro E A, Arini B C N, 2020. Nilai Pendidikan Karakter Pada Lakon Cerita Wayang Sumantri Ngenger Oleh oleh Ki Manteb Soedarsono untuk siswa dasar kelas rendah. Volume 7 nomor 2 Juli 2020. e-ISSN 2502-4264

Emilia, E. 2011. Pendekatan Genre-Based dalam Pengajaran Bahasa Inggris: Petunjuk untuk Guru. Bandung: Rizqi Press.

Hasbullah,. 2005. Dasar-dasar Ilmu Pendidikan (edisirevisi). Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.

Herawati, T. R. 2014. Pendidikan Karakter yang Terintegrasi dalam Wayang Kulit dengan Lakon, Yogyakarta. Hal 1-12. Elementary School 7 (2020) 312-317

Hidayat, M. T., Hasim, W., & Hamzah, A. 2020. Pembelajaran Daring Selama Pandemi Covid-19: Solusi atau Masalah Baru dalam Pembelajaran? Journal Civics & Social Studies, 4(2). https://doi.org/10.31980/civicos.v4i2.918

Moleong, J. Lexy.2014. Metode Penelitian Kualitatif , Edisi Revisi. PT Remaja Rosdakarya, Bandung.

Lestari, Wulan Edi. 2010. Analisis Struktur Dramatik Lakon “Palguna Palgunadi” karya Ki Seno Nugroho.

Murtiyoso, Bambang. 1980. Teks naskah wayang lakon “Palguna Palgunadi”, ISI Surakarta, Surakarta.

Nugroho, Ki Seno, 2018. Teks naskah lakon “Palguna Palgunadi”, Sedayu, Bantul, Yogyakarta.

Nur, H. 2015. Aspek Psikologis Tokoh Dalam Novel Sepatu Dahlan Karya Khrisna Pabichara (Kajian Psikologi Humanistik Abraham Maslow). Jurnal Humanika, 15(3).

Purnomo, Bambang. 2011. Kesastraan Jawa Pesisiran. Surabaya: CV. Bintang

Ratna, Nyoman Kutha. 2014. Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra. Yogayakarta: Pustaka Pelajar

Riangsari , Aziza dan Main Sufanti,2015, Jenis dan Tema Teks Dalam Buku Siswa Bahasa Indonesia Ekspresi diri dan Akademi SMA Kelas X Serta Relevansinya Dengan Kompetensi Kurikulum 2013. Jurnal Pendidikan Bahasa Indonesia, FKIP, Universitas Muhammadiyah Surakarta

Sapto Nugroho, Ki Sigid, 2019. Wayang The Real Adiluhung (Menyibak Jagad Pakeliran), diterbitkan oleh Penerbit Lakeisha (Anggota IKAPI No. 181/JTE/ 2019. Tulung, Klaten, awa Tengah

Setiyadi, D.B. Putut , 2012, “Kajian Wacana Tembang Macapat struktur, Fungsi, Makna, Sasmita, Sistem Kognisi dan Kearifan Lokal, Penerbit Media Perkasa, Perum Gunung Sempu, Jl. Menur 187 , Yogyakarta

Setiyadi, D.B Putut, 2020. Pembiasaan Sikap Santun Melalui Wacana Percakapan Dalam Bahasa Jawa ragam Krama, Jurnal, Penerbit Bildung, Jl. Raya Pleret KM 2 Banguntapan Bantu, Yogyakarta.

Siswantoro. 2010. Metode Analisis Sastra Analisis Struktur Puisi. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sudaryanto lan Pranowo. 2011. Kamus Pepak Basa Jawa. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Nurgiyantoro, Burhan, 2011. Wayang Dan Pengembangan Karakter Bangsa. Jurnal Pendidikan Karakter, 1. Https://Doi.Org/10.21831/Jpk.V1i1.1314

Sugiyono. 2006. Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D. Bandung: Alfabeta

Sugiyono. 2007. Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D. Bandung: Alfabeta.

Sugiyono. 2010. Metode Penelitian Administratif. Bandung: Alfabeta.

Sugiyono. 2011. Metode Penelitian Administratif. Bandung: Alfabeta.

Sugiyono. 2013. Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D. Bandung: Alfabeta.

Syafifah, 2019. artikel "Jenis-Jenis Wayang di Indonesia: Beber, Purwa hingga Golek", https://tirto.id/enml)

Verrysaputro, E. A., & Nur Arini, B. C. 2020. Nilai Pendidikan Karakter Pada Lakon Cerita Wayang Sumantri Ngenger Oleh Ki Manteb Soedharsono Untuk Siswa Sekolah Dasar Kelas Rendah. Elementary School: Jurnal Pendidikan Dan Pembelajaran Ke-Sd-An, 7(2). Https://Doi.Org/10.31316/Esjurnal.V7i2.780

Wulan Ed Lestari, Lestari 2011 Analisis Struktur Dramatik Lakon Palguna-Palgunadi karya Ki Seno Nugroho. Under Graduates thesis, Universitas Negeri Semarang (UNNES).

Wedhawati dkk 2001 Tata bahasa jawa mutakhir, Jakarta : Pusat Bahasa, Departemen Pendidikan Nasional, dalam http//www.wacananusantara.org

Yeo, Nico. 2016. Nilai-Nilai Pendidikan Dalam Sastra Wayang Lakon Anoman Dhuta Oleh Ki Bayu Aji Pamungkas. Skripsi. Universitas Widya Dharma. Klaten.

Yunus, N. R., & Rezki, A. 2020. Kebijakan Pemberlakuan Lock Down Sebagai Antisipasi Penyebaran Corona Virus Covid-19. *SALAM: Jurnal Sosial Dan Budaya Syar-i*, *7*(3). https://doi.org/10.15408/sjsbs.v7i3.15083